# gis naa ne seen gent yi dañoo dëppoo ci juróom-ñaar yu mujj yi, ku koy diir na ko diir ci juróom-ñaar yu mujj yi

Jële nañu ci Ibn Umar -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Ay gaay ci Sahaabay Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wan nañu leen Laylatul Xadri ci ay nelaw ci juróom-ñaari fan yi mujj, Yonente Yàlla bi daal di wax ne: "gis naa ne seen gent yi dañoo dëppoo ci juróom-ñaar yu mujj yi, ku koy diir na ko diir ci juróom-ñaar yu mujj yi".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Ay gaay ci Sahaabay Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dañoo gis ci ay nelaw ne Laylatul Xadri ci juróom-ñaari guddi yi mujj ci weeru koor lay nekk. Yonente bi daldi wax ne: gis naa seen gent yi dëppoo ci juróom-ñaar guddi yi mujj ci weeru koor, ku koy sàkku ta xér ca, na góor-góor lu ci dàkk ko ak sàkku ko ci baril ay jëf yu baax ndaxte moom ci juróom-ñaari guddi yu mujj yi la gën a yaakaaru, moom day tàmbali ci guddig ñaar-fukk ak ñent, bu dee weeru koor wi fanweeri fan la, muy tàmbali ci guddig ñaar-fukk ak ñatt bu dee weeru koor wi ñaar-fukki fan la ak juróom-ñent.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee